



# Orange Township Public Schools

Jason E. Ballard, CEFM, QPA, RSBO  
Business Administrator/Board Secretary



Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.  
Superintendent of Schools

## Dispozisyon pou Elijibilite Kominotè (CEP) Ane Lekòl 2024-2025

Chè Paran oswa Gadyen:

Nou kontan enfòme w ke lekòl (yo)/distri ORANGE BOARD OF EDUCATION pral patisipe nan Dispozisyon pou Elijibilite Kominotè (CEP) pou bay tout elèv manje gratis pandan ane akademik 2024-2025 la.

Tout elèv ki enskri nan \_\_\_\_\_ k ap aplike CEP yo elijib pou resevwa dejene ak manje midi an sante nan lekòl la gratis pou fanmi w chak jou nan ane akademik 2024-2025 la.

Lèt sa a se pou fè w konnen pitit ou a (yo) ap kapab patisipe nan pwogram manje midi ak manje maten yo san yo pa bezwen peye yon frè.

Pou yo ka detèmine kalifikasyon pou benefis EBT pandan ete a ou dwe ranpli Aplikasyon Manje Lekòl la ak Aplikasyon EBT Ete a. Ranpli aplikasyon an esansyèl tou pou nou bay Depatman Edikasyon an enfòmasyon li bezwen pou asire lekòl/distri nou an kontinye resevwa finansman leta enpòtan.

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte nou nan: (877) 339-3310.

---

Dapre lwa federal dwa civil ak règleman Depatman Agrikilti Ameriken (USDA), enstitisyon sa a entèdi pou fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (ki gen ladan idantite sèks ak oryantasyon seksyèl), andikap, laj, oswa reprezay oswa vanjans pou aktivite dwa civil anvan yo.

Enfòmasyon sou pwogram yo ka disponib nan lòt lang ki pa Anglè. Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen komunikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram nan (pa egzanp, Bray, gwo lèt, kasèt odyo, Lang siy Ameriken), ta dwe kontakte ajans leta a oswa lokal ki responsab ki administre pwogram nan oswa USDA a TARGET Center nan (202) 720-2600 (vwa ak TTY) oswa kontakte USDA atravè Sèvis Federal Relay nan (800) 877-83

Pou depoze yon plent pou diskriminasyon nan pwogram, yon moun ki plenyen dwe ranpli yon Fòm AD-3027, Fòmilè pou plent sou diskriminasyon nan pwogram USDA, ki ka jwenn sou entènèt nan: <https://www.usda.gov/sites/default/files/documents/ad-3027.pdf>, nan nenpòt biwo USDA, lè w rele (866) 632-9992, oswa lè w ekri yon lèt ki adrese USDA. Lèt la dwe genyen non moun ki pote plent lan, adrès, nimewo telefòn, ak yon deskripsyon alekri sou swadizan aksyon diskriminatwa a ak ase detay pou enfòme Asistan Sekretè Dwa Sivil la (ASCR) sou nati ak dat yon swadizan vyolasyon dwa civil la. Fòm oswa lèt AD-3027 ranpli a dwe soumèt bay USDA pa:

1. **imèl:**

U.S. Department of Agriculture  
Office of the Assistant Secretary for Civil  
Rights  
1400 Independence Avenue, SW  
Washington, D.C. 20250-9410; or

2. **faks:**

(833) 256-1665 or (202) 690-7442; or

3. **imèl:**

[program.intake@usda.gov](mailto:program.intake@usda.gov)